**DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FL**

**BIWO SIPÈENTANDAN**

3300 FOREST HILL BOULEVARD, C-316
WEST PALM BEACH, FL 33406-5869
TELEFÒN: 561- 649-6833/ : FAKS 561- 649- 6837
www.palmbeachschools.org

**MICHAEL J. BURKE,**

**SIPÈENTANDAN**

**FRANK A. BARBIERI, JR., ESQ.**

**PREZIDAN KOMITE**

**KAREN M. BRILL**
**VIS-PREZIDAN KOMITE**

MARCIA ANDREWS
ALEXANDRIA AVALA
BARBARA MCQUINN
DEBRA L. ROBINSON, M.D.
ERICA WHITFIELD

Mèkredi 23 février 2022

**Bureau of Student Achievement through Language Acquisition**
**Florida Department of Education**

**325 West Gaines Street**

**444 Turlington Building**

**Tallahassee, FL 32399-0400**

RE: Lèt Asirans Konsènan Konfòmite ESOL/Plan ELL Distri, 2022 - 2025

Pou Moun ki Konsène:

Lèt sa a konfime pwofesè nan Lekòl Piblik Rejyon Palm Beach yo an règ ak kondisyon trening ESOL ki aplikab oswa y ap travay sou sa nan espas tan ki fikse a.

Pou rete an règ ak tout egzijans trening yo, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ofri pwofesè, administratè, konseye akademik ki bezwen antrènman *ESOL in-service* pou yo kapab satisfè kondisyon trening yo.

Men kou yo ofri yo:

- Metòd pou Anseye ESOL
- Lengwistik Aplike
- Kominikasyon ant Diferan Kilti
- Kourikoulòm ESOL ak Materyèl
- Tès ak Evalyasyon ESOL

Yo ofri materyèl ESOL sa yo twa fwa pa ane epi yo gratis.

Sensèman,

Michael J. Burke, Sipèentandan
MJB/KO/MP:sh

**Yon Distri Lekòl nan Florid ki Klase nan Nivo A pou Pèfòmans li.**
Yon *Antrepriz pou Edikasyon ak yon Anplwayè ki Ofri Opòtinite Egal ego pou Tout Moun* .

# Plan Distri a pou Elèv K ap Aprann Anglè (ELL) pou Ane 2022-2025

Moun pou Kontakte: Melissa Patterson

LEA: School District of Palm Beach County

Imel: melissa.patterson@palmbeachschools.org telefòn: 561-434-8010

**Règleman 6A-6.0905 –**
**Fòm ESOL 100**
**(ME 2017)**

## Seksyon 1: Idantifikasyon (Règleman 6A-6.0902, F.A.C.)

**Pwosedi Anwolman ak Administrasyon Sondaj sou Lang yo Pale Lakay (HLS).**

Dekri pwosedi enskripsyon Ajans Edikasyon Lokal la (Local Education Agency (LEA)) pou enskri Elèv k ap Aprann Anglè (ELLs). Repons yo dwe genyen:

Ki diferans ki genyen ant pwosedi yo suiv pou LEA konpare avèk sa yo suiv pou ELL yo?

- Nan moman enskripsyon an, tout paran/responsab ranpli yon fòm Anwòlman/Enskripsyon nan lekòl pitit yo ki genyen Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay la:

1. Èske genyen yon lòt lang yo pale nan kay la ki pa anglè?
2. Èske elèv la genyen yon premye lang ki pa anglè?
3. Èske lepisouvan elèv la pale yon lòt lang ki pa anglè?

Si repons nan youn nan twa kesyon sa yo se “wi”, moun k ap fè enskripsyon an ap enfòme reprezantan ESOL nan lekòl la, pou detèmine si elèv la bezwen yon tès lang.

Pwosedi enskripsyon se menm pou tout elèv. Tout paran yo dwe ranpli fòm Anwolman/Enskripsyon an ak Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay la, menmjan avèk lòt done ak enfòmasyon sou elèv la ki enpòtan.

Pwosedi yo diferan nan sans paran yo resevwa èd nan lang natif natal yo nan men yon tradiktè oswa yon estaf ki bileng. Anplis, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach genyen yon Sant Byenveni ki la pou elimine obstak nan anwòlman epi pou ede fanmi nan pwosesis enskripsyon an. Estaf bileng yo ansanm avèk konseye akademik lekòl yo disponib sou plas pou bay fanmi sipò nan yon varyete bezwen ki enkli, san yo pa limite ak, enskripsyon, sèvis sante ak sosyal, revizyon relvednòt ak rekòmandasyon pou plasman.

Nan ki lang yo tradui sondaj HLS la?

- Yo tradui Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay la an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Fransè, Arab, Chinwa (Mandarin), Ris, ak Vyetnamyen. Sèvis entèpretasyon ekstèn disponib pou lòt lang suivan bezwen.

Kijan LEA ede paran ak elèv ki pa pale anglè nan pwosesis enskripsyon an?

- Yo bay Paran/responsab yo yon pake enskripsyon. Vèsyon fòm enskripsyon ki tradui, aplikasyon pou manje gratis oswa ak pri redui, ak enfòmasyon jeneral sou lekòl yo disponib an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, ak Pòtigè, ki reprezante lang yo pale pi plis nan Rejyon Palm Beach. Yon fasilitatè langag kominotè (CLF ann anglè) oswa yon estaf bileng ede nan tradui ak entèprete dokiman ki gen rapò ak enskripsyon, transpò, pwosesis aplikasyon pou maje gratis oswa a pri redui, ak lòt enfòmasyon sou zafè lekòl ki konsènen pwosedi enskripsyon. Pou lang yo pale mwens nan distri nou an, nou genyen kontra ak yon sèvis entèpretasyon pou asistans. Sant Byenveni distri a disponib pou paran/responsab, pou ede fanmi yo avèk pwosesis enskripsyon an.

**Kijan w idantifye elèv imigran yo?**

- Enfòmasyon sou elèv imigran, ansanm avèk Dat Antre nan yon Lekòl Etszini (DEUSS) antre nan fòm Enskripsyon Elèv la. Tèm timoun ak adolesan imigran an vle di endividi ki genyen 3 an rive 21 an; epi ki pa t fèt nan okenn eta, Distri Columbia oswa Pòtoriko; epi ki pa t ale nan youn oswa plizyè lekòl nan youn oswa plizyè eta pandan plis pase 3 ane akademik konplè. Baze sou definisyon sa a, elèv la resevwa yon kòd imigran "Y" nan Sistèm Enfòmasyon sou Elèv la (SIS) .

**Kijan yo jwenn Dat Antre nan Lekòl Ozetazini a (DEUSS ann anglè) nan pwosesis enskripsyon an?** *Please include a link to your HLS*.

- Nan moman enskripsyon an paran yo ranpli Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay la, ansanm avèk kesyon ki konsène dat nesans, peyi kote timoun nan fèt, ak dat DEUSS la---mwa, jou ak ane li antre nan lekòl Ozetazini (nenpòt nan 50 eta yo ak Distri Columbia, ekskli teritwa ak posesyon Etazini yo. Si yon elèv soti nan yon lòt distri nan Florid la oswa yon lòt eta nan Etazini, pou l antre nan lekòl nou yo, nou mande ansyen lekòl la dosye li, epi nou antre dat orijinal DEUSS la nan sistèm enfòmasyon sou elèv nou an. :Fòm Enskripsyon Elèv yo disponib nan https://www.palmbeachschools.org/students_parents/student_registration

## Seksyon 2: Evalyasyon Konpetans nan Anglè (Règleman 6A-6.0902, F.A.C.)

### 1. Evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè

Ki tit moun ki responsab pou administre evalyasyon ELP elèv ki ta kapab ELL nan LEA? (Tcheke tout sa ki aplikab)

☐ Biwo Enskripsyon
x Kowòdinatè/Administratè ESOL
x Lòt moun (Presize) – Reprezantan ESOL, Pwofesè, Espesyalis Pedagojik ESOL, Moun ki prepare pou bay Tès

### 2. Evalyasyon Nivo Konpetans nan Langaj ak Tande

Bay lis evalyasyon konpetans nan Langaj ak Konpreyansyon (Aural/Oral) yo itilize nan LEA ak pwosedi yo suiv pou detèmine si yon elèv K-12 se yon ELL**.**

- *WIDA Kindergarten Screener, WIDA Screener*, oswa nenpòt lòt evalyasyon ELP Eta a apwouve.

Dekri pwosedi pou garanti evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon Oral yo fè nan 20 jou lekòl apati lè elèv la te enskri.

- Pèsonèl k ap fè enskripsyon yo ap rekòmande nenpòt elèv ki te reponn “WI” yo bay administratè tès ESOL la pou plis evalyasyon sou konpetans yo nan Lang Anglè. Y ap plase elèv ki genyen yon repons afimatif (Wi) pou SÈLMAN kesyon #1 an (Èske genyen yon lang yo pale nan kay la ki pa anglè?) tanporèman nan klas regilye jeneral jiskaske yo fè evalyasyon pwogramatik la ak konpetans nan Lang Anglè a. Yo kapab plase elèv ki genyen youn oswa plis repons afimatif (Wi) pou kesyon #2 (Èske elèv la genyen yon premye lang ki pa anglè?) oswa 3 (Èske lepisouvan elèv la pale yon lang ki pa anglè?) tanporèman nan klas ESOL jiskaske yo fè yon evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè. Yo itilize tès eta a te apwouve ak/oswa ki apwopriye pou nivo klas la pou evalye abilte oditif/oral elèv yo.  Yo administre l bay elèv K-12 yo nan 20 jou apati lè yo te antre.  Si yon fòm enskripsyon ki genyen yon repons afimatif endike yon elèv soti nan yon rejyon Florid, yo pa bezwen reevalye elèv la pou l antre nan pwogram ESOL la.  Yo fè tout posib yo pou jwenn enfòmasyon nan rejyon ki voye l la.  Nan ka yo pa resevwa enfòmasyon an nan limit 20 jou, y ap teste elèv la kòm nouvo nan Rejyon Palm Beach dapre enfòmasyon ki nan Sondaj sou Lang ki Pale nan Kay la.  Si yo pa teste yon elèv nan limit 20 jou a, yo dwe dokimante rezon ki fè yo anreta a, pandan y ap itilize fòm *" Delay in Testing for ESOL Eligibility Parent/Guardian Notice (PBSD 2640)".* Lekòl yo dwe bay paran/responsab yo mesaj sa a, enkli yon plan pou

konplete evalyasyon ELP a, nan lang yo prefere a, lè sa fezab. Yo kapab telechaje fòm "Delay in Testing for ESOL Eligibility Parent/Guardian Notice (PBSD 2640)" la nan dokiman/dosye elèv la, epi plase yon kopi nan katab ELL li.

Elèv ki nan klas **K-2** ki fè nòt ki montre yo pale anglè kouraman nan evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon oral la, y ap konsidere yo kòm moun ki pale anglè nòmalman (non-ELL: ZZ) epi yo p ap plase nan pwogram ESOL la, amwenske komite ELL la ta fè yon lòt rekòmandasyon. (6A-6.0902)

Elèv ki nan klas **3-12** ki fè nòt ki montre yo pale anglè kouraman nan evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon oral la, ak evalyasyon lekti ak/oswa redaksyon y ap konsidere yo kòm moun ki pale anglè nòmalman (non-ELL: ZZ) epi yo p ap plase yo nan pwogram ESOL la, amwenske komite ELL la ta fè yon lòt rekòmandasyon. (6A-6.0902)

Tout elèv ki pa konpetan nan evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon oral la kalifye pou sèvis ESOL epi yo kode kòm LY.

Elèv ki nan klas **3-12** ki pa fè nòt ki montre yo pale anglè kouraman nan evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon oral la, ki pa fè nòt nan evalyasyon lekti ak/oswa redaksyon y ap kalifye pou sèvis ESOL epi yo kode kòm LY:

### Evalyasyon Konpetans nan Lekti ak Redaksyon

Bay lis evalyasyon konpetans nan Lekti ak Redaksyon (Aural/Oral) yo itilize nan LEA ak pwosedi yo suiv pou detèmine si yon elèv 3-12 se yon ELL**.**

- WIDA Screener oswa nenpòt lòt evalyasyon ELP Eta apwouve

## 3. Komite ELL

Dekri pwosedi yo itilize lè Komite ELL la pran yon desizyon pou yon elèv antre nan pwogram nan (plasman) Ki kalite dokiman yo itilize pou sipòte desizyon sa yo?

- Sou demand yon paran oswa yon pwofesè, yo kapab rekòmande yon elèv yo detèmine ki pa yon ELL oswa nenpòt elèv yo detèmine ki se yon ELL baze sèlman sou yon evalyasyon lekti oswa redaksyon, bay komite ELL la. Yo voye yon lèt bay paran an pou envite l nan reyinyon an oswa yo rele l nan telefòn oswa atravè kominikasyon anpèsòn. Yo ta dwe konsidere preferans paran pou l chwazi si wi ou non yo detèmine yon elèv se yon ELL oswa li pa yon ELL, nan desizyon final la, epi dokimante sa nan yon fòm Komite ELL. Komite ELL la kapab detèmine yon elèv

se yon ELL oswa li pa yon ELL suivan konsiderasyon omwen de (2) nan kritè sa yo anplis rezilta evalyasyon lè li te antre a:

a. Limit ak nati edikasyon li te resevwa deja oswa eksperyans akademik, sosyal, epi yon entèvyou avèk elèv la,
b. Rekòmandasyon alekri ak obsèvasyon estaf anseyan an ak sèvis sipò resan ak ansyen yo, nivo metriz konpetans debaz oswa abilte nan anglè ak lang natif natal li selon nòm referans lokal, eta oswa nasyonal yo,
c. klas li te ye nan ane a oswa ane pase yo, oswa
d. Lòt rezilta ki pa evalyasyon lè li te antre a

## Seksyon 3: Evalyasyon Pwogramatik (Règleman GA-6.0902, F.A.C.)

### Evalyasyon Akademik/Pwogramatik

Dekri pwosedi yo te aplike pou detèmine eksperyans akademik pase ELL yo. Epitou, jere plasman ELL ki genyen eksperyans akademik limite oswa san okenn eksperyans akademik, oswa dosye lekòl yo pa konplè, oswa yo pa kapab jwenn yo. Presize aksyon yo fè pou jwenn ansyen dosye lekòl. Enkli pwosedi pou detèmine plasman apwopriye ELL yo nan klas.

- Lekòl yo fè tout efò posib pou jwenn dosye elèv k ap transfere soti lòt kote vini nan Rejyon Palm Beach. Yo mande lekòl ki voye elèv la dosye atravè apèl telefonik, faks, imèl, ak/oswa sèvis postal Etazini. Nan sèten ka, dosye yo kapab entwouvab oswa elèv la p at fè anpil klas oswa li p at ale lekòl ditou avan. Si dosye yo entwouvab, yo detèmine pase akademik elèv atravè yon entèvyou avèk yon paran/elèv, yon Evalyasyon Pwogramatik ELL ak fòm Revizyon Plasman Akademik. Ansuit, yo plase elèv yo sou baz enfòmasyon ki disponib yo ak dapre laj/klas ki apwopriye. Pèsonèl lekòl ak/oswa distri a revize pase akademik elèv la pou detèmine klas, sijè,ak plasman nan pwogram ESOl ki apwopriye. Yo konsidere opinyon paran konsènan pase akademik timoun nan espesyalman lè relvednòt, dosye, oswa kanè pa disponib tousuit. Yo dokimante enfòmasyon sa a nan Fòm Evalyasyon Pwogramatik elèv ELL ak Revizyon Plasman Akademik li epi yo antre l nan katab ELL la.

## Pwosedi pou plasman nan klas ak kou – Klas 9-12

Dekri pwosedi yo te aplike pou detèmine plasman nan klas ak kou ki apwopriye. Deskripsyon yo dwe enkli pwosesis yo itilize pou bay ELL yo kredi lè y ap antre nan lekòl segondè nan 9[yèm]-12 [yèm] ane e ki te konplete kredi nan peyi andeyò Etazini, an patikilye jere ka elèv ki pa genyen dokimantasyon.

- Selon 6A.6.0902 seksyon 3-pati b, "Distri lekòl la dwe bay menm kantite kredi pou kou yo te pran nan yon lòt peyi oswa yon lang ki pa anglè menmjan pou kou yo pran nan Etazini oswa ann anglè. Pou elèv ki fèt aletranje, yo dwe suiv menm règleman distri a apwouve konsènan plasman apwopriye selon laj menmjan yo fè sa pou elèv ki fèt Ozetazini."

Lekòl yo fè tout efò posib *pou jwenn dosye elèv k ap transfere soti lòt kote vini nan Rejyon Palm Beach.* Nan sèten ka, dosye yo kapab entwouvab oswa elèv la p at fè anpil klas oswa li p at ale lekòl ditou avan. Pou yo kapab plase ELL yo efektivman, yo dwe detèmine abilte akademik yo san konsidere konpetans oswa lakin yo nan lang anglè . Pèsonèl lekòl ak/oswa distri a revize pase akademik elèv la pou detèmine klas, sijè,ak plasman nan pwogram ESOl ki apwopriye. Yo konsidere opinyon paran konsènan pase akademik timoun nan espesyalman lè relvednòt, dosye, oswa kanè pa disponib tousuit. Yo dokimante enfòmasyon sa a nan Fòm Evalyasyon Pwogramatik elèv ELL ak Revizyon Plasman Akademik li epi yo antre l nan katab ELL la.

Fasilitatè Langaj Kominotè yo ede elèv ak fanmi yo lè sa nesesè pou garanti plasman nan pwogram/kou ki apwopriye. Règleman Komite Dirijan Lekòl yo ak direktiv administratif yo bay estaf lekòl fleksiblite nan pran desizyon sou plasman nan non elèv ak paran yo. Paran/responsab gen dwa fè apèl sou desizyon plasman akademik direktè/tris la pran. Pou elèv k ap antre nan yon lekòl nan Rejyon Palm Beach avèk yon ansyen relvednòt, yo dwe analize ak anpil atansyon nivo ak kalite kou elèv la te konplete nan peyi dorijin li.

Yo dwe genyen yon atansyon espesyal pou fè sèten ELL yo resevwa aksè total epi egal nan tout varyete kou yo ofri nan lekòl segondè, epi plasman ELL nan kou yo pa baze sou konpetans nan lang anglè. Si elèv la pa prezante yon relvednòt ofisyèl, pèsonèl lekòl la dwe valide kredi k ap transfere yo oswa nòt ki ta dwe baze sou rannman pandan premye trimès elèv la anwole a. Validasyon kredi dwe baze sou rannman

nan kou nan lekòl ki resevwa li a. Yo dwe plase yon elèv k ap transfere nan yon lekòl nan pwochen kou apwopriye a (yo) epi li dwe genyen yon mwayèn jeneral minimòm 2.0 pou chak kou nan fen premye trimès li te enskri ladan an. Elèv ki pa satisfè kondisyon sa a ta dwe genyen kredi l valide selon Pwosedi Validasyon Altènatif la (*Alternative Validation Procedure* ann anglè). Yo itilize nòt P (Pase) lè y ap valide/transfere kredi pou travay akademik, lè yo pa kapab jwenn yon relvednòt ofisyèl oswa nòt ki egal avèk nòt yo itilize nan Rejyon Palm Beach. Yo itilize l tou lè yo presize P nan yon relvednòt ofisyèl. Yon nòt P se sèlman yon nòt nan yon relvednòt, se pa yon nòt kanè. Li bay kredi pou ansanm travay akademik, men sa pa afekte mwayèn jeneral la (GPA). Paran/responsab elèv la gendwa fè apèl ak desizyon sou plasman an devan Sipèentandan oswa moun ki deziye a nan 14 jou ouvrab apati desizyon direktè/tris la.

Eksplike pwosesis pou akòde kredi bay elèv k ap transfere soti nan lòt peyi pou kou kominikasyon oral/ekri yo te pran nan lang natif natal yo ak kou lang etranjè yo te pran (sa kapab enkli anglè).

- Pou elèv k ap antre nan lekòl Florid avèk yon ansyen relvednòt, yo dwe fè yon analiz apwofondi sou nivo ak tip kou elèv la te fini nan peyi dorijin li, konsideran echèl nòt ak nivo klas kapab pa menm avèk sistèm tradisyonèl Etazini moun abitye avèk li. Metodoloji ak/oswa pedagoji yo itilize nan ansèyman kèk kou aletranje kapab genyen enpak sou transfè kòrèk kredi a. Yon egzanp se kredi yon elèv pran nan anglè ak lang natif natal li. Lè y ap akòde kredi pou kominikasyon oral/ekri, konsidere kou nan lang natif natal yo, tankou Panyòl, Fransè, oswa Japonè ta kapab enkòpore literati, lekti, ak redaksyon, tankou kominikasyon oral/ekri nan anglè nan yon lekòl nan Florid. Konsa tou, kou anglè yon elèv kapab te pran andeyò Etazini nan anpil ka, yo te anseye li tankou yon lang etranjè. Sa vle di desène kredi nan yon lekòl Florid kapab ranvèse tèt li epi yo ta bay kredi nan anglè kòm lang etranjè elèv la epi kou nan lang natif natal elèv anrejistre kòm kredi pou anglè. Lyen sa a ap ede nan plasman: https://cdn5-ss14.sharpschool.com/UserFiles/Servers/Server_270532/File/ESOL/TranscriptGuide.pdf

Ki tit moun ki responsab pou evalye relvednòt ki soti aletranje yo? Ki antrènman li (yo) resevwa? Kijan yo konsève done yo?

- Se konseye akademik nan chak lekòl ki evalye relvednòt yo. Konseye akademik ki sètifye resevwa fòmasyon atravè Depatman Edikasyon Miltikiltirèl an kolaborasyon avèk Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj (*Teaching and Learning*). Yo envite konseye akademik yo nan seyans fòmasyon Depatman Edikasyon Miltikiltirèl ofri epi yon Konseye akademik ESOL Distri a dirije. Yo dokimante fòmasyon yo atravè fèy prezans konseye yo siyen. Konseye akademik yo resevwa tou sipò nanmen dwayen konseye akademik ki baze nan lekòl yo anmenmtan avèk Planifikatè Pwogram Konseye a. Lè estaf lekòl la genyen kesyon oswa yo bezwen klarifikasyon, yo kapab kontakte Depatman Edikasyon Miltikiltirèl ak/oswa sèvis espesyalis nan konsèy ki baze nan distri a pou jwenn èd. Yo konsève relvednòt ak fòm Evalyasyon Pase Akademik elèv nan yon katab kimilatif apre achivis la fin antre yo nan sistèm nan.

**Re-evalyasyon ELL ki te Soti nan LEA**

Dekri pwosedi yo itilize pou reevalye ELL ki te soti nan LEA epi k ap reenskri. Presize tan ki pase ant lè ELL la te soti ak lè li te retounen, kote yo dwe fè yon evalyasyon konpetans li nan lang anglè. Enkli pwosedi pou rapòte done.

- Yo dwe reevalye elèv LY k ap retounen nan Rejyon Palm Beach apre yon absans ennan (1 an) oubyen plis nan Florid oswa andeyò Etazini, avèk yon Evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè distri a apwouve. Yo konplete yon pake reevalyasyon epi yon komite ELL reyini pou detèmine si elèv la pral kontinye oswa soti nan pwogram ESOL la. Dat orijinal HLS, antre, klasifikasyon ak dat DEUSS ap rete menm jan.

Yo P AP tounen teste yon elèv LF k ap retounen nan Rejyon Palm Beach apre yon absans ennan (1 an) oubyen plis nan Florid oswa andeyò Etazini. Y ap anrejistre tout dat kontwòl ki rete.

Yo dwe reevalye elèv LF k ap retounen nan Rejyon Palm Beach apre yon absans ennan (1 an) oubyen plis nan Florid oswa andeyò Etazini,
avèk yon Evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè distri a apwouve. Si elèv la montre li konpetan, yo ta dwe anrejistre tout dat kontwòl ki rete. Si elèv la montre li pa konpetan, epi li bezwen sèvis, yon komite ELL ap reyini pou reklase elèv la kòm yon LY. Baz antre a ap kode kòm L, epi sitiyasyon elèv la chanje vin R, men dat orijinal HLS, antre, klasifikasyon ak dat DEUSS la pa chanje.

Pou elèv ki nouvo nan rejyon an, dat DEUSS la se dat anwòlman an, epi yo dwe rapòte dat HLS, klasifikasyon ak antre ki apwopriye yo. Dat DEUSS pa janm kapab apre dat klasifikasyon oswa dat antre yo.

**Devlopman Plan pou Elèv ELL**

Dekri pwosedi pou devlope Plan Elèv ELL. Enkli tit moun ki responsab la (yo) pou devlope plan an, ak kenbe eleman rapò ELL yo ajou. Epitou, enkli yon deskripsyon sou kilè ak kijan yo mete plan an ajou pou reflete sèvis aktyèl elèv la.

- Responsab/Kowòdinatè ESOL la, ansanm ak pwofesè klas la dwe ranpli Plan Endividyèl ELL la pou chak nan LY Ell yo apati lè yo antre nan Pwogram ESOL la, epi pou kontinye chak ane aprè, toutotan elèv la nan pwogram nan. Pwofesè regilye klas la ansanm ak reponsab/kowòdinatè ESOL la dwe siyen plan an. Yo dwe mete Plan ELL la ajou chak ane nan kòmansman ane lekòl la ak lè sèvis yo chanje epi li dwe reflete plan ak sèvis ELL ki pi aktyèl la. Plan ELL la endike modèl pedagojik pou elèv la epi enkli dat ki idantifye nivo kominikasyon oral/ekri ki apwopriye a jan sa defini nan ELDC. Y ap ofri elèv yo estrateji ak anviwònman pedagojik ki apwopriye baze sou nivo langaj oral ak nan lekti ak ekriti epi ki endike nan Plan Endividyèl ELL la. Yo kapab enkli enfòmasyon adisyonèl tankou nòt premye evalyasyon Konpetans nan lang Anglè ak done sou evalyasyon aktyèl eta a nan Plan ELL la.

Dekri eleman plan an (sa vle di, kominikasyon ant lakay-lekòl, orè ak kou elèv la ap pran, kontwòl pwogrè, entèvansyon, egzamen ak lòt evalyasyon). Ki wòl pwofesè a nan devlòpman plan an?

- Eleman nan plan elèv la ap enkli non elèv la, dat DEUSS, ak nòt aktyèl ACCESS pou ELL ak/oswa done evalyasyon eta a. Plan an ap reflete modèl pedagojik yo itilize pou elèv la, kantite tan ansèyman oswa orè enstriksyon, dokimantasyon izaj estrateji ak sipò ESOL ki apwopriye, ak yon deskripsyon tout sèvis y ap founi. Yo enfòme pwofesè a sou konpetans nan tande/oral ak konpetans nan lekti/redaksyon yo te evalye. Yo kapab revize pwogrè akademik elèv la, epi egzamine dosye ki soti nan lekòl avan yo, si yo disponib. Enfòmasyon sou plan elèv la ap enkli opinyon ansyen ak pwofesè aktyèl la atravè entèvyou pou jwenn enfòmasyon sou

sosyalizasyon ak patisipasyon nan anviwònman jeneral klas la.

*Tanpri, enkli yon lyen sou Plan Elèv ELL l*a.
https://drive.google.com/file/d/1AylG_aQjSo_V4UXHtgcGUZ0nQhlJfOzK/view

## Seksyon 4: Kondisyon Jeneral Pwogram nan ak Enstriksyon Elèv

### Modèl Pedagojik

Anplis izaj estrateji pou anseye Moun ki Pale lòt lang, k ap aprann anglè yo (ESOL), ki obligatwa pou pwofesè k ap anseye ELL yo suiv, ki modèl oswa apwòch pedagojik yo itilize pou asire ansèyman nan yon langaj ELL yo kapab konprann? Deskripsyon chak modèl disponib nan manyèl bazdone Depatman Edikasyon Florid (FDOE) sou sit entènèt FDOE a. (Tcheke tout sa ki aplikab) Tcheke tout sa ki aplikab

x Sheltered English Language Arts (Kominikasyon Oral/Ekri ki enkli nan ansèyman matyè fondamantal yo)

x Sheltered Core/Basic Subject Areas (Matyè fondamantal/debaz ki enkli lang anglè)

x *Mainstream-Inclusion English Language Arts* (kominkasyon oral/ekri nan salklas regilye-enklizyon)

x *Mainstream-Inclusion Core/Basic Subject Areas* (Matyè fondamantal/debaz nan salklas regilye-enklizyon)

☐ Maintenance and Developmental Bilingual Education

(Konsèvasyon Lang Natif Natal ak Devlòpman Edikasyon Bileng)

x Dual Language (two-way) Developmental Bilingual Education

(Devlòpman Edikasyon Bileng (balanse)

Dekri kijan yo itilize modèl ansèyman nan LEA**.** Jere fason LEA pral kontwole lekòl yo pou fè sèten yo aplike modèl pedagojik yo ak fidelite.

- Pwogram ESOL yo ofri nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach konsevwa pou ede ELL yo devlope konpetans yo nan lang anglè pandan y ap devlope anmenmtan konpetans nan domèn matyè fondamantal yo. Modèl ansèyman yo ofri ansèyman nan yon langaj elèv kapab konprann, ki paralèl ak kourikoulòm jeneral la (gade nan tablo anba a). Prezantasyon konsèp ak materyèl yo ajiste pou akomode nivo konpetans apranti a nan anglè lè yo itilize Estanda Eta a sou Konpetans nan Lang Anglè. Yo ankouraje pwofesè ESOL yo pou yo travay an kolaborasyon avèk pwofesè klas regilye yo pou yo ofri yon ansèyman ki konsistan pou satisfè bezwen chak ELL. Lekòl yo genyen pwofesè ESOL debaz ak resous ki konekte yo, baze sou kritè fòmil bidjè.

  Lekòl yo kapab chwazi yon modèl pedagojik ki satisfè bezwen akademik endividyèl elèv yo pi byen nan lekòl yo. Chak ane,

lekòl yo soumèt yon Plan Anglè pou Moun ki pale lòt Lang (ESOL nan Tout Lekòl la. Plan pou souliyen plan aplikasyon pou modèl ESOL yo chwazi yo. Yo dwe soumèt plan aksyon sa a bay direktè/tris la epi Depatman Edikasyon Miltikiltirèl dwe apwouve li. Modèl yo chwazi yo dwe baze sou bezwen Elèv k ap Aprann Anglè yo nan lekòl respektif yo, santre sou pi bon pratik pedagojik Elèv k ap Aprann Anglè epi rechèch apwopriye dwe sipòte yo. Sipò pou lang natif natal, leson patikilye, ak ansèyman endividyèl disponib lè sa fezab nan chak modèl pedagojik, selon bezwen. Lekòl yo revize pwogram ESOL chak ane pou detèmine efikasite yo nan reyalize objektif siksè elèv yo.

Dekri pwosesis pou verifye ansèyman yo bay ELL yo egal an kantite, sekans, kalite ak dimansyon yo bay elèv ki pa ELL yo.

- ELL yo resevwa ansèyman ki egal an kantite, sekans, kalite ak etandi atravè pwofil pwogram ESOL bi-anyèl chak lekòl soumèt. Pwofil yo dokimante modèl la (yo) yo itilize nan sant lekòl la, kou yo ofri ELL yo, kantite elèv nan chak klas, ak tan pèsonèl ESOL la pase avèk elèv la, enkli Fasilitatè Lang Kominote a ak Konseye Akademik Bileng lekòl yo. Yo vizite chak klas regilyèman pou fè sèten kourikoulòm nan ak ansèyman an aliyen avèk estanda eta a, epi li fèt nan yon langaj konpreyansib, egal epi konparab an kantite, sekans, kalite, ak dimansyon menmjan ak kanmarad yo ki pa ELL.

| Opsyon Pwogram | | Elèv yo sèvi | Definisyon |
|---|---|---|---|
| Modèl Entansif (S) | **Ansèyman nan klas espesyal (separe)** | Nouvo elèv k ap Aprann Anglè (ELL) ki gen konesans limite nan anglè | Yo gwoupe ELL yo ansanm epi yon pwofesè espesyalis ESOL k ap bay enstrikson nan yon langaj ki fasil pou konprann, nan yon anviwònman separe. *Rekòmande sèlman pou elèv ki te nan pwogram ESOL pandan 2 an oswa mwens*. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Modèl Sipò (M) | **Ansèyman an kolaborasyon** | Soti depi nan elèv ki nouvo rive nan ELL ki genyen konesans limite nan anglè ki te vin genyen konesans debaz nan anglè men ki bezwen sipò adisyonèl nan anglè akademik. | Yo bay ELL yo ansèyman ki itilize langaj ki fasil pou ELL konprann nan klas regilye. Yon pwofesè ESOL ofri enstriksyon nan ti gwoup ki konsantre **sou izaj estrateji ESOL pou satisfè bezwen langaj ak akademik ELL yo** nan klas regilye. Pwofesè ESOL ak pwofesè regilye a fè yon plan an kolaborasyon pou satisfè bezwen ELL yo. |
| | **Ansèyman nan klas regilye** | Soti depi nan ELL ki limite nan anglè rive nan elèv ki konpetan nan pale anglè. | Yo bay ELL yo ansèyman ki itilize langaj ki fasil pou ELL konprann, nan klas regilye. Pwofesè regilye a itilize estrateji ESOL pou satisfè bezwen langaj ak akademik ELL yo. |
| | **Entèvansyon Espesifik pou ESOL** | ELL ki bezwen sipò yo preskri, ki konsevwa pou yon bezwen inik | Yo gwoupe ELL yo selon bezwen espesifik elèv yo epi yon pwofesè espesyalis ESOL fè entèvansyon ki baze sou rechèch. Se lidèchip lekòl la ki konsevwa entèvansyon an, epi yo dwe itilize li ansanm avèk yon lòt modèl ESOL. |
| Modèl Bileng (D) | **Kontni Kourikoulòm nan Lang yo Pale Lakay** | ELL ki soti nan **yon** anviwònman kote yo pale yon sèl lang | Yo gwoupe ELL ki soti nan yon anviwònman kote yo pale yon sèl lang pou yon pwofesè ki konpetan nan lang ansèyman an anseye matyè fondamantal yo (Mat, Syans, Syans Sosyal oswa kominikasyon oral/ekri) nan lang natif natal. |
| | **Pwogram ansèyman nan de lang-- imèsyon balanse** | ELL ki soti nan yon anviwònman kote yo pale yon sèl lang | Yo anseye ELL ki soti nan yon anviwònman kote yo pale yon sèl lang yo, mwatye ann anglè ak mwatye nan lang natif natal, pandan tout jounen lekòl la. Yo aprann yo li ak ekri nan toulede lang yo; lòt matyè yo genyen yon langaj enstriksyon ki deziye. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | **Pwogram ansèyman nan de lang—imèsyon total** | ELL ki soti nan yon anviwònman kote yo pale yon sèl lang | Yo gwoupe ELL ki soti nan yon anviwònman kote yo pale yon sèl lang yo avèk elèv ki pale anglè kouramman epi yo anseye yo nan yon lòt lang pandan omwen 50% jounen lekòl la. Yo anseye yo kominikasyon oral/ekri nan toude lang yo: lòt matyè akademik yo genyen yon lang espesifik pou ansèyman. |

Kijan LEA detèmine si modèl pedagojik yo afekte rannman elèv yo pozitivman?

- LEA detèmine si modèl pedagojik yo afekte rannman elèv yo pozitivman atravè yon revizyon anyèl done ELP a. Yo suiv rannman akademik ELL yo pandan tout ane a pou garanti genyen pwogrè akademik ak lengwistik k ap fèt. Estaf administratif ak estaf sipò a revize siksè modèl ansèyman an atravè obsèvasyon pwofesè yo, patisipasyon ELL, prezans, nòt, ak evalyasyon jeneral eta a, espesyalman *ACCESS for ELL*. Yo mande opinyon pwofesè a tou. Si modèl pedagojik la montre objektif rannman elèv yo pa satisfè, alò, yo dwe konsidere yon modèl diferan.

Kijan yo garanti aksè egal ego ELL yo nan tout pwogram, sèvis ak lokal ki disponib pou elèv ki pa ELL yo?

- Pèsonèl ki baze nan lekòl yo responsab pou garanti *ELL* yo genyen aksè egal ego nan tout pwogram lekòl, sèvis, ak lokal, epi tout *ELL* yo genyen menm dwa avèk kanmarad yo ki pa *ELL*. Depatman Edikasyon Miltikiltirèl sèvi kòm defansè pou *ELL* ak fanmi yo pou garanti aksè egal ego epi bay tout pèsonèl ansanm ak fanmi enfòmasyon ak fòmasyon, konsènan aksè egal ego nan tout pwogram ak sèvis pou *ELL* yo.

  Anplis, ekip lidèchip lekòl la fè yon analiz *Master Board* pou asire patisipasyon Ells nan divès pwogram. Yon lòt fason pou asire patisipasyon Ells nan pwogram sa yo se atravè rapò Tablo Direktè/tris la. Rapò sa a bay pousantaj enskripsyon elèv **ELL** an relasyon ak patisipasyon elèv ki pa ELL. Plan Pwogresyon Elèv Distri a endike Ells dwe gen aksè egal nan tout pwogram nan Distri a jan sa aplikab.

Dekri metòd la (yo) yo itilize nan *LEA* pou dokimante izaj estrateji pedagojik *ESOL* ak kijan yo kontwole sa.

- Plan leson pwofesè yo dokimante estrateji pedagojik pou elèv *ELL* epi se administratè lekòl yo ki kontwole yo. Yo ankouraje pwofesè yo pou yo resevwa fòmasyon adisyonèl nan domèn Pedagoji Diferansye ak

estrateji *ESOL*. Yo bay elèv yo sipò swa endividyèlman, swa nan ti gwoup, baze sou bezwen elèv la, pou yo kapab sible yon lakin espesifik yo te idantifye atravè devwa nan klas ak evalyasyon eta yo. Yo kontwole estrateji pedagojik yo ankò atravè remak detaye sou sipò ak done endividyalize elèv, osibyen nan obsèvasyon nan klas tankou nan entèvyou avèk pwofesè.

Kontwòl pwogram pedagoji pou *ELL* kapab enkli:

- Dokimantasyon estrateji *ESOL* nan plan leson pwofesè.

Revizyon pwogrè ELL nan tès referans sou rannman baze sou kritè eta a apwouve.

- Tès dyagnostik distri a kreye osibyen ak Evalyason Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Anglè Eta a pou *ELL* yo (*ACCESS for ELLs*).
- Aplikasyon rekòmandasyon Komite ELL yo.
- Revizyon regilye pwogrè ki itilize Kontinuite nan Devlòpman Aprantisaj Lang Anglè (*English Language Development Continuum*) ak enfòmasyon nan kanè.
- Ale nan klas yo pou asire ansèyman nan lang ki fasil pou konprann epi fè sèten pwofesè yo aplike estrateji pedagojik ESOL yo.

Kijan LEA ak lekòl la (yo) verifye yo bay elèv ELL yo enstriksyon jeneral?

- dministrasyon lekòl evalye pwofesè yo avèk Pwotokòl Modèl Pedagojik *Palm Beach* pou Pwofesè nan Klas (*Palm Beach Model of Instruction Classroom Teacher Protocols).*

  Sipèentandan Rejyonal/Pedagojik, Administè/tris nan lekòl, administratè/tris ESOL distri a, ak/oswa kowòdonatè/tris/responsab ESOL ki baze nan lekòl yo kapab fè revizyon nan bi pou kontwole si pwogram elèv yo apwopriye. Revizyon sa yo kapab enkli sa ki dekri la a:

- Kontwole ak revize nivo pèfòmans elèv yo nan domèn fondamantal yo: Kominikasyon Oral/Ekri, Matematik, Syans, Syans Sosyal, oswa kote yo itilize enstriman Kontwòl Pwogrè eta a apwouve.
- Kontwole nivo rannman elèv yo nan Evalyasyon Eta a oswa tès ki baze sou nòm referans.
- Obsèvasyon nan Klas.

Ki dispozisyon ki anplas pou garanti tout ELL resevwa aksè egal ego nan pwogram yo ak ansèyman yo kapab konprann? Enkli pèsonèl lekòl la ak LEA ki responsab pou garanti ansèyman yo kapab konprann.

- Chak ane, lekòl yo soumèt yon Plan pou Moun ki pale lòt Lang, k ap Aprann Anglè (*ESOL*) nan tout lekòl la pou ekspoze detay plan aplikasyon yo. Direktris la dwe soumèt plan aksyon sa a epi Depatman Edikasyon Miltikiltirèl dwe apwouve l. Lekòl yo fè yon revizyon anyèl pwogram *ESOL* yo pou detèmine efikasite yo pou satisfè objektif rannman yon elèv.

  LEA patisipe nan pwosesis pou garanti aksè egal ego nan pwogram ak materyèl, tankou adopsyon materièl pedagojik, plan pwogrè elèv, plan entèvansyon, ak devlòpman pwofesyonèl.

  Sipèentandan Rejyonal/Pedagojik, Administrasyon nan lekòl, administratè ESOL distri a, ak/oswa kowòdonatè/responsab ESOL ki baze nan lekòl yo

kapab fè revizyon nan bi pou garanti ansèyman ELL yo kapab konprann. Revizyon sa yo kapab enkli sa ki dekri la a :

- Kontwòl ak revizyon nivo pèfòmans elèv yo nan domèn kou yo: Kominikasyon Oral/Ekri, Matematik, Syans, Syans Sosyal, oswa kote yo itilize enstriman Kontwòl Pwogrè eta a apwouve.
- Kontwòl nivo rannman elèv yo nan Evalyasyon Eta a oswa tès ki baze sou nòm referans.
- Obsèvasyon nan Klas.

Ki enstriman kontwòl pwogrè yo itilize pou garanti tout ELL yo ap metrize nòm matyè akademik nan nivo klas yo, ak pwen referans ak nòm Devlòpman Nan Lang Anglè (ELD ann anglè)? *(Tcheke tout sa ki aplikab)*

x Pòtfolyo Elèv

x Lòt Tès Referans ki baze sou Kritè (Presize) *ACCESS* pou *ELLs*, *Alternate ACCESS*, *FSA, FSAA*, *EOC*Test (Presize) ACCESS pou Ells, Alternate ACCESS, Jadendanfan ACCESS pou Ells, egzaminatè WIDA, LAS Links, FSA, FSAA, EOG

x Lang Natif Natal (Presize), LAS Links (SP), *Reading Running Records* (SP)

x Evalyasyon pou tout lekòl (Presize), Tès dyagnostik Distri a devlope, enkli *Palm Beach Performance Assessment*, *Unit Standard Assessment* (*USA*), *Florida Standards Quiz (FSQ*), *Benchmark Assessments*, Oral *Reading Running Records, Lòt, (presize)*

x Lòt (Presize), Evalyasyon ki baze sou teknoloji, tankou *i-Ready Diagnostics/Assessments, Imagine Learning Diagnostics, iStation Diagnostics, Achieve 3000, Levelset Test.*

## Pwogresyon Elèv

Èske yo enkòpore nòm ak pwosedi LEA yo pou pwomosyon, plasman, ak pou ELL yo double, nan Plan Pwogresyon Elèv la (SPP)? Sinon, kibò moun kapab jwenn enfòmasyon sa a?

x Wi: Tanpri bay yon lyen nan *LEA's SPP* kote yo souliyen sa ki konsène *ELL* yo espesifikman.

https://www.palmbeachschools.org/students_parents/student_progression_plan
Pgs. 31-34, 43, 75-116, 118-154

☐ Non (Presize) ____________________________________________________

Dekri kijan Règleman “Rezon Valab” (Good Cause Policy) aplike nan LEA w la lè ELL ki te anwole pandan mwens pase dezan (baze sou DEUSS) jwenn eksepsyon pou yo pa double twazyèm ane jan lalwa egzije l. Enkli kijan yo enfòme paran oswa responsab yo sou desizyon “Rezon Valab” LEA a.

- Jan sa endike nan Plan Pwogresyon Elèv distri a, Sipèentandan a kapab fè eksepsyon pou elèv twazyèm ane yo pa double akoz rezon valab, si ELL yo te resevwa mwens pase dezan ansèyman (baze sou DEUSS) nan yon pwogram ESOL. Se yon komite rekòmandasyon ELL ki dwe pran desizyon yo, enkli opinyon paran, pwofesè ak estaf sipò. Yo enfòme paran sou Egzansyon pou Rezon Valab pou ELL yo nan lang natif natal yo.

Dekri ki wòl komite ELL la jwe nan desizyon pou rekòmande pou nenpòt ELL double oswa pase, ak ki dokiman yo itilize pou sipòte desizyon yo.

- Selon Règleman Komite Dirijan Lekòl yo, 6A-6.0902, 6A-6.0903, 6A-6.0904, ak 6A- 1.09432(6) yon elèv yo idantifye kòm yon *ELL* dwe satisfè nivo pèfòmans distri a, jan sa endike nan tablo Pwogresyon Elèv ki disponib nan Plan Pwogresyon Elèv Distri a.

  Pwomosyon yon *ELL* dwe baze sou rannman akademik elèv la, san yo pa konsidere nivo konpetans li nan anglè. *ELL* yo dwe demontre abilte nan lekti ak ekriti nan nivo klas yo swa ann anglè swa nan lang natif natal yo lè sa fezab. Yo kapab pa fè *ELL* yo double si yo sibstansyèlman anba nivo klas la nan lekti ann anglè, men yo kapab demontre abilte nan lekti ak ekriti nan lang natif natal yo. Pou yon *ELL* double, sa mande pou Komite *ELL* la revize epi rekòmande sa, e li pa dwe baze sèlman sou lakin nan konpetans nan anglè, demonstrasyon konpetans nan matyè nivo klas la ann anglè, oswa yon nòt nan yon sèl enstriman evalyasyon. Yon Komite *ELL* dwe reyini pou detèmine si yon *ELL* ta dwe double, avèk dokimantasyon nan Rapò sou Elèv k ap Aprann Anglè (*ELL*).

  Yon *ELL* oblije satisfè nòm rannman elèv pou nivo klas ki apwopriye a. Sepandan, *ELL* ki te apwouve pou pwogram Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (*ESOL*) pandan mwens pase de ane lekòl konplè pa ta dwe oblije demontre konpetans nan nòm yo ann anglè. Lwa *Consent Decree* a ak egzijans Tit III se pou mezire kapasite elèv la pou li rive satisfè nòm yo, san yo pa konsidere si kapasite a se ann anglè oswa nan lang matènèl elèv la.

  Pou elèv ki nan klas *K-5*, Depatman Edikasyon Miltikiltirèl te prepare Rapò sou Reyinyon sou Pwogresyon Elèv k ap Aprann Anglè (*ELL*)

pou ede lekòl elemantè detèmine si difikilte akademik *ELL* yo se rezilta defisyans nan akizisyon langaj oswa yon defisyans akademik. Fèy papye kote yo anrejistre travay elèv la fèt pou montre pwogrè endividyèl li nan tablo Pwogresyon Elèv nan nivo klas ki apwopriye a. Yo dwe prezante yon Rapò konplè nan yon reyinyon Komite *ELL* pou chak elèv y ap konsidere pou l double klas la. Komite *ELL* la ap rekòmande si wi ou non yon *ELL* dwe double. Komite *ELL* la ta dwe itilize pwogrè adekwat, jan li defini nan Plan *ELL* la, ak omwen yon lòt kritè, kòm fondman pou fè l double. Yo kapab rekòmande yon *ELL* pou l double si komite *ELL* la detèmine elèv la pa t pwogrese yon fason satisfezan epi mankman pwogrè sa a pa baze sou akizisyon langaj. Yo soumèt rekòmandasyon an bay Sipèvizè Direktè/tris la ak Depatman Edikasyon Miltikiltirèl pou apwobasyon definitif.

## Seksyon 5: Evalyasyon nan Tout Eta a (Règleman 6A-6.09091, F.A.C.)

### Evalyasyon nan Tout Eta a

Dekri pwosesis pou garanti tout ELL patisipe nan pwogram evalyasyon nan tout eta Florid la. Enkli kijan estaf responsab yo resevwa fòmasyon pou administre evalyasyon yo epi kenbe dokiman sou sa ki dekri anba la a :

- Tout *ELL* nan Rejyon Palm Beach, san yo pa konsidere tan yo genyen nan pwogram *ESOL* la, ap patisipe nan tout Evalyasyon nan Tout Eta a ki aplikab. Depatman Evalyasyon Distri a kolabore avèk Depatman Edikasyon Miltikiltirèl Distri a pou bay kowòdinatè/tris tès nan lekòl yo fòmasyon ak enfòmasyon sou kondisyon pou patisipasyon *ELL* yo nan pwogram evalyason nan tout Eta yo. Akomodasyon pou *ELL* yo nan administrasyon evalyasyon nan tout eta a dwe suiv direktiv ki espesifye nan manyèl respektif evalyasyon yo.

Evalyasyon Eta a sou Matyè Fondamantal yo:

- Tout *ELL* pral patisipe nan evalyasyon Eta yo. *LEA* garanti tout *ELL* yo ap patisipe nan pwogram Evalyasyon Eta a epi yo jwenn akomodasyon apwopriye pou tès yo. Tout kowòdonatè/tris nan lekòl yo responsab pou evalyasyon *ELL* nan lokal lekòl yo epi pou ba yo akomodasyon ki apwopriye. Elèv *ELL* k ap resevwa sèvis nan yon pwogram *ELL* k ap fonksyone selon yon plan *ELL* ki te apwouve, epi k ap pran tès obligatwa eta a, dwe jwenn akomodasyon. Sepandan, konbinezon egzak akomodasyon pou yo

bay yon elèv an patikilye ta dwe detèmine an konsiderasyon avèk bezwen elèv la ak rekòmandasyon ekip ki sou dosye elèv la. Y ap enfòme paran yo sou diferan akomodasyon pou tès yo atravè yon lèt.

"*ACCESS*" pou evalyasyon ELL yo:

- Elèv ki gen kòd LY nan premye jou ACCESS pou peryòd administrasyon tès yo ap pran tès pou konpetans nan langaj. Depatman Edikasyon Miltitkiltirèl an kolaborasyon avèk Depatman Evalyasyon Distri a kominike avèk kowòdonatè/tris tès nan lekòl yo pou garanti yo resevwa enfòmasyon ki apwopriye pou administrasyon tès yo. Anplis, yo kominike enfòmasyon yo atravè korespondans Distri a pou gide moun nan aksè nan (Pòtay Sekirize) WIDA pou patisipasyon nan fòmasyon administratè tès ACCESS pou ELL. Chak kowòdonatè tès nan lekòl yo responsab pou garanti sa ki ekri la a:
- Tout administratè tès te konplete sesyon fòmasyon ki apwopriye a.
- Yo evalye tout *ELL* ki elijib yo nan lekòl yo.
- Yo bay akomodasyon ki apwopriye.

Ki tit moun (yo) ki responsab nan lekòl yo pou garanti epi dokimante tout ELL yo resevwa akomodasyon apwopriye pou tès yo (pou chak kondisyon administrasyon tès yo)?

- Tout administratè tès nan lekòl yo responsab pou garanti tout ELL jwen akomodasyon ki apwopriye pou evalyasyon yo nan tout eta a.

Dekri kijan yo enfòme paran ELL sou evalyasyon ak akomodasyon pou tès yo. Kijan LEA garanti paran konprann règleman sou evalyasyon nan tout Eta Florid yo, egzijans ak rannman elèv?

- Avan dat evalyasyon yo, yo enfòme paran yo sou tout règleman evalyasyon nan tout eta a ak egzijans yo nan yon lang yo kapab konprann, lè sa fezab. Yo voye yon lèt bay paran ELL yo ki eksplike akomodasyon ki otorize pou tès yo. Yo avize paran yo sou rezilta evalyasyon yo atravè rapò endividyalize sou nòt elèv la ki endike nivo rannman ansanm avèk gid pou entèprete rezilta yo. Gid sa yo disponib nan plizyè lang.  Paran oswa pwofesè a gendwa programe yon konferans ant paran/pwofesè avèk yon tradiktè ki prezan si sa nesesè, pou diskite sou règleman, egzijans ak rezilta evalyason yo.

Tanpri, bay lyen pou kominikasyon yo nan lang paran yo.

- Enfòmasyon pou paran sou *ACCESS* pou *ELL*: https://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/access-for-ells.stml

- Lèt pou Paran sou Akomodasyon pou Evalyasyon:
  https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939.pdf
  https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939SP.pdf

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939CR.pdf
https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1939PO.pdf

## Seksyon 6: Evalyasyon Anyèl sou Konpetans nan Lang Anglè (Regleman 6A-6.0903, F.A.C.)

Dekri pwosedi ki detèmine si elèv ELL yo prè pou soti nan pwogram ESOL LEA a. Enkli pwosedi pou soti nan tout domèn langaj yo (tande, pale, li ak ekri), pou kritè akademik espesifik ak klas, ak rapò done sou chanjman nan sitiyasyon.

- Dapre Règleman 6A-6.0903, kondisyon pou Retire Elèv k ap Aprann Lang Angle nan Pwogram ESOL, yo dwe konsidere Ells kòm konpetan nan lang Anglè epi yo dwe sòti nan Pwogram ESOL lè yo jwenn sa ki anba la yo:

**Klas Jadendanfan-2yèm ane egzije rezilta ki soti nan yon evalyasyon (Baz Kòd pou Soti : H)**

- ACCESS pou Ells 2.0 – nòt ki montre konpetans (Nivo 4+) nan lekti <u>ak</u> tout eleman an jeneral
- ACCESS Altène pou Ells - nòt ki montre konpetans (?. P1) tout eleman an jeneral

**Klas 3-9yèm ane egzije rezilta ki soti nan de evalyasyon (Baz Kòd pou Soti:** I)

- FSA ELA oswa FSAA?. Nivo 3 oswa pi wo

  **<u>AK</u>**
- ACCESS pou Ells 2.0 - nòt ki montre konpetans Nivo 4 nan lekti <u>ak</u> konpozit global ***<u>OSWA</u>*** ACCESS Altène pou Ells rezilta konpetans ( P1) konpozit global

**Klas 10-12yèm egzije rezilta ki soti nan 2 evalyasyon (Baz Kòd pouSoti: J)**

- FSA ELA oswa FSAA Nivo 3 oswa pi wo

  **<u>OSWA</u>**
- Nòt ki montre konpetans nan Lekti/Ekriti nan omwen youn nan sa ki anba la a:

  *SAT* Evidans ki Baze nan Lekti ak Ekriti (EBRW).? 480 (apati SY22) *ACT* seksyon Anglè ak Lekti (average) 18 (as of SY22)

  **<u>AK</u>**
- ACCESS pou Ells 2.0 – rezilta konpetan (4) nan lekti **<u>ak</u>** konpozit global ***<u>OSWA</u>*** *ACCESS* Altènatif pou Ells – nòt ki montre konpetans (.?. P1) tout eleman an jeneral

Elèv ki satisfè kritè konpetans eta etabli yo pral sòti nan nivo Distri a pandan ete a. Yo idantifye elèv ki sòti nan yon Eta ELL nan LF nan SIS la. Apre sòti nan pwogram nan, yo kontwole pwogrè akademik elèv LF yo pandan dezan.

Yo kapab konsidere pou elèv yo soti nan dat ki pwograme pou reevalyasyon yo oswa nenpòt lè avan dat sa a si kondisyon pou yo soti a satisfè. Estaf lekòl oswa paran yo kapab mande yon reyinyon Komite ELL, nenpòt lè, pou detèmine si elèv la kalifye pou soti nan pwogram ESOL la.

Y ap bay nenpòt paran/gadyen ki prezan oswa yo ay voye lakay nenpòt paran ki pa t patisipe nan reyinyon Komite ELL la yon kopi Rapò Reyinyon Elèv la ak Avi pou Paran sou Sòti oswa Kontinye, pou enfòme li sou desizyon pou pwolonje oswa sòti nan sèvis pwogram ESOL yo. Dokiman yo pral nan lang ekri paran an pi pito, chak fwa sa posib.

Ki tit moun(yo) ki responsab pou fè evalyasyon pou soti nan pwogram ki dekri pi wo a? (Tyeke tout sa ki aplikab.)

x Administratè pou tès LEA ki nan lekòl la
x Kowòdinatè/tris pwofesè ESOL
☐ Lò moun (Presize) ________________________

Kilè yon Komite ELL konsène nan desizyon pou elèv soti ? Ki kritè Komite a itilize pou detèmine konpetans akademik ak nan langaj ?

- Si rezilta tès yo pa antyèman satisfè bezwen akademik oswa lengistik elèv la, yon komite pou ELL kapab reyini kote yo pral dikite sou enfòmasyon ki soti nanmen paran, pwofesè ak lòt estaf, epi pran desizyon sou plasman. Yon komite ELL kapab rekòmande pou elèv la soti avèk konsiderasyon lòt done ki pa evalyasyon yo fè nan tout eta a, tankou pòtfolyo elèv oswa evalyasyon altènatif. Yon komite pou ELL kapab reyini tou pou fè yon elèv soti nan pwogram ESOL la si genyen ase evidans ki endike konpetans nan lang anglè a se pa yon pwoblèm ki entèfere avèk kapasite elèv la ni nan egzamen pou konpetans nan Lang Anglè pou tout eta a ni nan Evalyasyon Akademik Tout eta a. Elèv la kapab genyen yon lòt defisyans ki dokimante, ki satisfè atravè yon IEP oswa yon lòt plan. Kèlkeswa rezon pou soti a, yon komite pou ELL kapab revize dosye sou konpetans akademik elèv la nan lang anglè ak dokiman pou omwen de ak senk kritè ki nan lis pi ba a avan pou elèv la soti:
  - Nivo ak nati eksperyans edikatif oswa akademik avan, eksperyans sosyal, ak yon entèvyou elèv la
  - Rekòmandasyon alekri ak obsèvasyon estaf pou sèvis sipò ak anseyan avan ak kounye a
  - Level Nivo metriz konesans debaz oswa abilte nan anglè ak langaj natif natal dapre estanda lokal, eta a oswa kritè referans nasyonal aktyèl oswa nan ane avan yo, oswa
  - Rezilta tès ki pa evalyasyon pou antre nan pwogram nan

Dekri pwosedi si yon **ELL** satisfè kondisyon pou l soti nan pwogram nan mitan yon peryòd nòt.

- Malgre **ELL** yo abityèlman soti nan pwogram ESOL la lè kondisyon pou soti yo reyini atravè evalyasyon, yo kapab refere ELL yo pou soti nenpòt lè nan mitan ane lekòl la. Paske yo nòmalman itilize done ACCESS pou ELLs ak FSA ELA kòm enstriman pou pran desizyon pou soti, epi nou resevwa done sa a tipikman

pandan granvakans la, nenpòt desizyon pou soti nan mitan yon trimès oswa ane lekòl ap ekzije desizyon yon komite ELL ki baze sou yon analiz aktyèl done ak evalyasyon elèv la. Y ap bay yon evalyasyon aktyèl sou konpetans nan lang anglè a, ansanm ak revizyon sou nòt ki nan kanè a, nòt tès pwen referans ak done pòtfolyo. Y ap mande tou opinyon gwoup enterè tankou paran, pwofesè ak estaf pou sipò. Kòd pou soti a ap L, epi kòd elèv la ap chanje de LY a LF.

## Seksyon 7: Kontwòl Pwosedi (Regleman 6A-6.0903, F.A.C.)

Diran peryòd dezan obligatwa pou kontwòl la, ki tit moun(yo) ki responsab pou:

Fè suivi sou pèfòmans ansyen ELL yo?

- Pwofesè klas, Kontak/Kowòdinatè(tris) ESOL, ak Konseye Akademik

Mete plan pou etidyan ELL ajou?

- Pwofesè klas, Kontak/Kowòdinatè(tris) ESOL, ak Konseye akademik

Reklasifikasyon estati elèv ELL nan sistèm rapò sou done yo?

- Estaf Depatman Edikasyon Miltikiltirèl

Ki dokimantasyon yo itilize pou kontwole pwogrè elèv la? (Tcheke tout sa ki aplikab)

x Kanè

x Nòt tès

x Pèfòmans nan Klas

x Opinyon Pwofesè

☐ Lòt (Presize) ____________________________

Ki pwosedi, enkli reklasifikasyon posib, ki ekzekite lè pèfòmans akademik ansyen ELL pa nan nivo klas yo?

- Komite ELL la (enkli paran/responsab) idantifye elèv ki pa fè pwogrè akademik ki adekwat apre l fin soti epi li toujou nan peryòd 2 zan entèval pou kontwòl. Tout moun ki vini nan reyinyon an dwe ranpli epi siyen yon fòm rapò Komite ELL la ki detaye rezon pou reklasifikasyon an. Avan pou li konsidere reklasifikasyon an, komite a detèmine **<u>si defisyans akademik elèv la se paske li genyen yon konpetans limite nan anglè avèk paske li soti avan lè</u>**. Yo kapab reklasifye yon elèv nan pwogram ESOL la si se nesesè.

Men etap ki nesesè pou reklasifye yon elèv avèk siksè:

- Konvoke yon reyinyon Komite ELL pou detèmine si wi ou non yo ta dwe konsidere elèv la pou reklasifikasyon nan pwogram ESOL la. Paran/responsab yo dwe resevwa yon Envitasyon pou Reyinyon Komite ELL nan yon minimòm dis (10) jou avan dat reyinyon an.

- Pandan reyinyon an, revize tout done elèv ki te bay enkyetid ak posiblite pou reklasifikasyon. Tout moun ki asiste yo dwe siyen Rapò Reyinyon Komite Elèv ELL la. Yo dwe bay paran/responsab yon avi sou rezilta reyinyon yo, si yo pa t kapab patisipe nan reyinyon Komite ELL la.
- Apre reyinyon Komite ELL la, bay epi evalye tout domèn evalyasyon konpetans elèv nan lang anglè.
- Lekòl ap soumèt yon fòm reklasifikasyon pou mande yon reyinyion avèk yon reprezantan nan Depatman Edikasyon Miltikiltirèl.

    - Lè l fin kominike avèk Depatman Edikasyon Miltikiltirèl, lekòl la pral fè suivi yon lòt reyinyon avèk Komite ELL la, enkli paran/responsab, pou diskite rezilta Evalyasyon Langaj, reklasifikasyon nan Pwogram ESOL ak/oswa lòt detèminasyon. Paran/responsab yo dwe resevwa yon Envitasyon pou Reyinyon Komite ELL nan yon minimòm dis (10) jou avan dat reyinyon an. Yo dwe bay paran/responsab yo yon nòt sou desizyon sou desizyon pou reklase si yo pa t kapab vini nan reyinyon Komite **ELL** la.
- Se Depatman Edikasyon Miltikiltirèl k ap antre tout done pou reklasifikasyon an nan sistèm enfòmasyon pou elèv la (SIS).
- Yo mete rekòmandasyon Komite (Rapò Reyinyon Elèv) **ELL** nan dosye elèv **ELL** la.

## Konfòmite ak Plan ELL ak Pèfòmans Elèv

Dekri pwosedi entèn LEA pou kontwole Pwogram ESOL la pou konfòmite, epi suiv pèfòmans akademik elèv.

- Distri a kontwole pwogram ESOL la pou konfòmite ak pèfòmans akademik elèv atravè mezi ki pi ba yo:
- Pwofil ESOL
    - Plan Ekzekisyon ESOL nan Tout-Lekòl la
    - Enfòmasyon Elèv/Rapò sou Done
    - Klasè ELL/Dosye
    - Plan Endividyèl pou ELL
    - Done Evalyasyon pou Tout Eta a
    - Kontinite Devlopman Lang Anglè (ELDC)
    - Kontwole Kanè Eskolè
    - Dosye Fòmasyon ak Sètifikasyon nan ESOL

Kòman lekòl la, paran ak moun ki enterese yo gen aksè ak Plan ELL Distri a apwouve?

- Konsèy Lidèchip Paran Distri nou an revize, bay opinyon, epi apwouve Plan ELL Distri a. Yo entegre tout opinyon PLC Distri a nan plan an avan yo apwove yo. Yo mete yon lyen Plan aktyèl ELL Distri a apwouve aladispozisyon yo nan sit entènèt distri a. Genyen tradiksyon ki disponib pou paran ak moun enterese, sou demann.

Kòman **LEA** fè sèten lekòl yo ekzekite Plan ELL Distri a?

- Distri a fè sèten lekòl yo ekzekite Plan ELL Distri a nan plizyè fason. Yo revize modèl pwogram yo nan chak lekòl atravè Plan Pwofil ESOL ak/oswa ESOL nan Tout-Lekòl la. Sa bay Distri a yon modèl ansèyman, kantite elèv nan chak lekòl (LY ak LF), sèvis yo ofri, epi kimoun ki bay sèvis yo. Anplis, prezans nan reyinyon mansyèl, Depatman Edikasyon Miltikiltirè Distri a ofri, obligatwa pou tout Kowòdinatè (tris)/Kontak ESOL yo. Yo bay lekòl yo kalandriye mansyèl travay ki enkli travay ak pwosedi ki nesesè pou efikasite pwogram nan. Lekòl yo soumèt virifikasyon travay sou yon baz mansyèl. Anplis, prezans nan reyinyon mansyèl, Depatman Miltikiltirèl bay, obligatwa pou tout Kowòdonatè/Kontak ESOL yo. Pandan reyinyon sa yo genyen bon enfòmasyon yo distribye epi yo ofri devlopman pwofesyonèl sou pi bon pratik pou ELL.

## Seksyon 8: Notifikasyon ak Dwa Paran, Responsab, Elèv

Dekri pwosedi ki itilize epi bay lyen pou avize paran yon ELL yo idantifye pou patisipasyon nan yon pwogram edikatif pou ansèyman langaj. Dapre Lwa Chak Elèv Reyisi a *(Every Student Succeeds Act)* ak règleman konsèy ekzekitif eta a, avi sa a dwe defini:

1. rezon pou idantifikasyon pitit yo a kòm yon ELL ak nesesite pou plasman timoun nan nan yon pwogram edikatif pou langaj;
2. nivo konpetans elèv la nan Anglè, kòman nivo sa a te evalye, ak kondisyon pèfòmans akademik elèv la;
3. metòd pedagojik yo itilize nan pwogram timoun nan ye a, oswa pral ye a, patisipasyon ak metòd pedagojik yo itilize nan lòt pwogram ki disponib, enkli kòman pwogram sa yo diferan nan kontni, objektif edikatif, ak izaj Anglè ak lang natal nan ansèyman;
4. kòman pwogram pitit yo a ye a, oswa pral ye, ap patisipe pral satisfè pwen fò ak bezwen edikatif pitit yo a;
5. kòman yon tèl pwogram pral espesifikman ede pitit yo nan aprann Anglè epi satisfè estanda pou rannman akademik dapre laj elèv la pou pwomosyon ak gradyasyon;
6. kondisyon espesifik pou soti nan pwogram nan, enkli pousantay yo te atann pou tranzisyon nan yon pwogram konsa pou ale nan klas ki pa konsevwa pou ELL, ak pousantay yo te atann pou gradyasyon nan lekòl segondè (pou elèv nan lekòl segondè yo);
7. nan ka yon elèv ki genyen andikap, kòman yon tèl pwogram satisfè objektif pwogram ansèyman endividyalize pou elèv la, ak
8. enfòmasyon ki konsène dwa parantal ki enkli direktiv alekri-
   a. detay sou dwa paran yo dwe genyen pou retire pitit yo imedyatman nan yon tèl pwogram si yo fè demann nan;
   b. detay sou opsyon paran yo genyen pou dekline pou enskri pitit yo nan yon

pwogram konsa oswa pou chwazi yon lòt pwogram oswa metòd ansèyman, si sa disponib; epi

c. asiste paran nan seleksyon ant plizyè pwogram ak metòd ansèyman, si yo ofri plis pase yon pwogram oswa metòd.

- Yo dwe ranpli Sondaj pou Lang ki pale Lakay (HLS) ki nan fòm enskripsyon an pou tout elèv yo lè yo antre nan yon lekòl leta Rejyon Palm Beach. Si yo tcheke "wi" pou youn oswa plizyè nan kesyon HLS yo pandan enskripsyon an, elèv la dwe fè tès pou sèvis ESOL. Pèsonèl lekòl la genyen 20 jou lekòl pou administre evalyasyon konpetans nan lang anglè (ELP) ki apwopriye a.

  Yon fwa yo fè evalyasyon ELP a, yo analize nòt la pou detèmine si elèv la kalifye pou sèvis ESOL. Si sa aplikab, estaf lekòl la pral revize tout dosye k ap vini yo, ansanm ak tès lang ak/oswa lekti/ekriti yo pou detèmine plasman apwopriye nan pwogram nan.

  Y ap enfòme paran yo sou plasman nan pwogram atravè Avi sou premye lèt plasman nan pwogram nan lang anglè nan lang yo prefere (si sa posib). Lèt la fè paran yo konnen plasman nan Pwogram ESOL, Pwogram ESOL, sèvis yo bay, ak kritè pou sòti. Anplis, paran yo genyen opsyon pou yo refize modèl pedagojik pwogram nan bay la. Yo kenbe yon kopi fòm sa a ki siyen nan dosye ELL elèv la.

  Paran Elèv k ap Aprann Angle yo resevwa enfòmasyon konsènan pwomosyon ak gradyasyon atravè kominikasyon lekòl yo, Plan Pwogresyon Elèv Distri a, ak paj wèb Distri a:
  https://www.palmbeachschools.org/cms/one.aspx?portalId=270616&pageId=6819227

  Pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè, ki genyen yon andikap, lekòl yo travay an kolaborasyon ak Depatman Edikasyon Elèv Espesyal pou asire yo atenn objektif akademik yo atravè sèvis pwogram yo bay yo.

Dekri pwosedi pèsonèl lekòl la itilize pou ofri paran oswa responsab yo asistans nan lang natal ELL yo.

- Pou kominike nan lang tout gwoup ki reprezante nan Rejyon Palm Beach, genyen pèsonèl ki disponib pou ofri asistans nan chak lekòl. Tout kominikasyon oral ak ekri ant pèsonèl lekòl la ak paran ELL yo dwe fèt nan lang prensipal paran an chak fwa sa posib.

  Distri a bay lekòl yo fasilitatè kominotè pou langaj (CLFs) pou amelyore patisipasyon paran/lekòl la ak kominikasyon. Fasilitatè pou Langaj Kominotè yo disponib pou sèvi chak lekòl ki genyen 15 elèv ELL oswa

plis ki pale menm lang natal chak fwa sa posib. Genyen pèsonèl bileng nan distri a ki disponib pou asiste lekòl ki genyen mwens pase 15 elèv ELL ki pale menm lang, nenpòt lè sa posib.

Kominikasyon ak paran/responsab nan premye lang fèt avèk èd Fasilitatè Lang Kominote, estaf bileng lekòl/distri a, tradiktè nan distri a, entèpretasyon nan telefòn ak sèvis tradiksyon sou entènèt. Depatman Edikasyon Miltikiltirèl te tradui tou lèt ak fòm yo an Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, ak Pòtigè. Tradiktè Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, ak Pòtigè disponib nan distri a pou ede lekòl ak depatman yo tradui dokiman, règleman, manyèl, korespondans sèvis pou elèv, korespondans legal, relvednòt, kalandrye lekòl, fòm pou enskripsyon, ak lòt enfòmasyon nesesè yo itilize nan tout distri a. Epitou tradiktè distri yo ede fanmi ki pale lang minoritè yo ki fè biznis ak lekòl, nan sant administratif Distri a. Reyinyon avèk reprezantan medya Kreyòl Ayisyen ak Espanyòl ak lòt òganizasyon kominotè, legliz, ajans, ak biznis fèt pou diskite sou pwoblèm nou kapab adrese an kolaborasyon epi pataje l avèk kominote a.

Dekri aktivite sansibilizasyon ki enfòme paran yo sou fason yo kapab angaje nan edikasyon pitit yo ak kòman yo kapab ede pitit yo aprann anglè epi satisfè estanda akademik leta.

- Depatman Edikasyon Miltikiltirèl anplwaye yon espesyalis ki ititlize rechèch ak done ki pi resan an pou ofri lekòl yo, paran/responsab, ak òganizasyon kominotè, pwogram espesyal ki favorize patisipasyon paran ak kominote. Yo prezante pwogram sa yo nan lekòl endividyèl, òganizasyon kominotè oswa relijyez epi atravè òganizasyon paran elèv ak distri a. Paran ki patisipe nan Konsèy Lidèchip Paran yo resevwa yon fòmasyon ak oryantasyon konsènan pwogram ESOL Distri a ak pwosedi pou suivi. Yo ankouraje paran responsab ELL pou patisipe nan Komite Konsèy Lekòl (*School Advisory Council (SAC*)), Sware Angajman Paran (*Parent Engagement Night)*, ak lòt komite lekòl/Distri a. Yo enfòme paran responsab nan lang matènèl yo sou evènmen k ap vini, lè sa posib epi yo resevwa sèvis entèprèt nan lang natif natal yo/nan moman evènman sa yo, lè sa fezab.

Veye kominikasyon ant lekòl ak lakay LEA oswa lekòl la voye bay paran oswa responsab elèv ELL yo nan yon lang paran oswa responsab yo kapab konprann. Tcheke tout sa ki aplikab Tanpri, prezante lyen pou tout bwat ki tcheke yo):

X Rezilta evalyasyon pou konpetans langaj.
[Notification of English Language Program Continuation-EN]

Notification of English Language Program Continuation SP
Notification of English Language Program Continuation HC
Notification of English Language Program Continuation PR

x Plasman nan pwogram

Notification of Program Placement EN
Notification of Program Placement SP
Notification of Program Participation HC
Notification of Program Placement PR

x Opsyon Modèl Pedagojik Pwogram nan

Notification of Program Placement EN
Notification of Program Placement SP
Notification of Program Participation HC

Notification of Program Placement PR

Notification of English Language Program Continuation-EN

Notification of English Language Program Continuation SP

Notification of English Language Program Continuation HC

Notification of English Language Program Continuation PR

x Ekstansyon pou enstriksyon ESOL

Notification of English Language Program Continuation-EN

Notification of English Language Program Continuation SP

Notification of English Language Program Continuation HC

Notification of English Language Program Continuation PR

x Soti nan pwogram ESOL la

Notification of English Language Program Exit-EN
Notification of English Language Program Exit-SP
Notification of English Language Program Exit-PR
Notification of English Language Program Exit-HC

x Aprè reklasifikasyon dosye kontwol ansyen ELL yo

LF 1st Post Exit Monitoring Form

LF 2nd Post Exit Monitoring Form

LF 3rd Post Exit Monitoring Form

LF 4th Post Exit Monitoring-Exited by ELL Committee Form

x Reklasifikasyon ansyen ELL yo

ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-SP

ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-SP

ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-HC

ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-PO

x Tès leta ak/oswa LEA
https://www.palmbeachschools.org/students_parents/student_testing

x Akomodasyon pou tès (kad fleksib)
PBSD 1939 English Language Learner Notification of Assessment Accommodations ENG

PBSD 1939 English Language Learner Notification of Assessment Accommodations SP
PBSD 1939 English Language Learner Notification of Assessment Accommodations HC
PBSD 1939 English Language Learner Notification of Assessment Accommodations PO

x Tès anyèl pou devlopman lang

https://www.palmbeachschools.org/students_parents/student_testing/access_for_ells_paper
https://www.palmbeachschools.org/students_parents/esol/esol_program_information/a_c_c_e_s_s_for_e_l_ls

Pwogrè nan konpetans nan langaj (Tande, Pale,Li, Ekri)
Dispans pou FSA nan ELA pou Ells ak DEUSS ki genyen mwens pase 1 an

x Rezon Valab pou Double/Remedye
https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2182.pdf

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2183.pdf

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2184.pdf

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2185.pdf

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2186.pdf

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2187.pdf

D Tranzisyon nan klas regilye oswa chanjman kou

x Envitasyon pou patisipe nan yon Reyinyon Komite ELL
https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1510.pdf

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1510PO.pdf

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1510CR.pdf

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/1510SP.pdf

ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-EN

ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-SP

ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-HC

ELL Committee Meeting Parent-Guardian Invitation Letter-PO

x Envitasyon pou patisipe nan Konsèy Lidèchip Paran (*Parent Leadership Council (PLC))*
2022 District PLC Spanish
2022 District PLC Portuguese
2022 District PLC Haitian Creole
2022 District PLC English

x Pwogram espesyal tankou *Gifted, ESE, Advanced Placement, Dual Enrollment*, Pre-K, Ansèyman pwofesyonèl ak teknik, lekòl ki gen règ ak aktivite pou sipòte etidyan.
https://www.palmbeachschools.org/students_parents

x Dejne gratis/a pri redui
https://www.myschoolapps.com/Home/PickDistrict

x Opsyon chwa paran, eta amelyorasyon lekòl la ak nòt pou pwofesè ki pa sètifye pou matyè y ap anseye.
https://www.palmbeachschools.org/students_parents/school_choice
REPORTING OF OUT-OF-FIELD TEACHERS TO PARENT/GUARDIAN

x Fòmilè pou enskripsyon ak egzijans
https://www.palmbeachschools.org/students_parents/student_registration

x Fòmilè disiplinè

https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/0279.pdf
https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/0279CR.pdf
https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/0279PO.pdf
https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/0279SP.pdf

x Enfòmasyon sou Estanda eta Florid ak Devlopman nan Lang Anglè (ELD)
https://www.palmbeachschools.org/students_parents/esol

x Enfòmasyon sou sèvis kominotè ki disponib pou paran yo
https://www.palmbeachschools.org/students parents/volunteer

☐ enfòmasyon sou opòtinite pou angajman paran (volontarya, PTA/PTO, **SAC )**
https://www.palmbeachschools.org/students_parents

☐ Kanè*
https://www.palmbeachschools.org/cms/one.aspx?portalId=270616&pageId=6819227

☐ Lòt bagay (Presize) Kanè ki Baze sou Estanda -Espanyòl
https://www.palmbeachschools.org/cms/One.aspx?portalId=270616&pageId=6937254

*Si kanè lekòl yo pa disponib nan lòt lang, tanpri eksplike kòman yo kominike pwogrè akademik elèv ELL bay paran responsab yo.

- Yo prezante bilten yo ann anglè, espanyòl, kreyòl ayisyen, ak pòtigè. Estaf bileng lekòl la ak/oswa distri a, menm jan avèk sèvis entèprèt, disponib pou kominike avèk paran responsab yo nan lòt lang

konsènan bilten yo.

## Seksyon 9: The Parent Leadership Council {Rule 6A-6.0904, F.A.C.)

Ki tip Konsèy Lidèchip Paran (PLC) ki egzizte nan LEA? Tcheke tout sa ki aplikab Tanpri, founi lyen ant adezyon nan lòd jou ak reyinyon an.

x Nivo LEA
x Nivo lekòl

Tanpri, presize fonksyon ak konpozisyon pwogram PLC

- Objektif PLC a se familyarize paran Ell avèk pèsonèl lekòl epi sèvis ki disponib nan lokal lekòl endividyèl yo;bay paran ELL yo yon opòtinite pou jwe yon wòl aktif nan desizyon ki afekte edikasyon pitit yo ak pou konsilte avèk pèsonèl lekòl la epi bay opinyon yo sou objektif ki genyen rapò ak pwogram nan. PLC Distri akonpoze ak majorite paran Ell aktyèl ak ansyen Ell, ansanm ak pwofesè nan klasespesyalis kourikoloum ak pwofesè resous ESOL. Lidè nan Kominote a ak avoka ELL envite tou pou patisipe kòm manm. Manm konsèy yo resevwa enfòmasyon sou divès òganizasyon, komite, ak opòtinite pou fè volontè disponib nan nivo lekòl la pou ankouraje yon patisipasyon plis aktiv epi ba yo mwayen pou rekrite lòt paran ki pale menm lang minorite a. PLC Distri a fè kèk rekòmandasyon pou plan ELL distri a epi egzamine règleman ki detèminan nan pwosesis apwobasyon an.

PLC "konpoze an majorite paran elèv ki limite nan aprann anglè" Si manm PLC nan LEA yo pa ranpli kondisyon sa a, eksplike poukisa e kilè y ap aplike règ nou te swete yo

- **N/A**

Kòman LEA fè pou l enplike PLC nan lòt komite LEA yo?

- Distri a enplike PLC nan enfòme ak ankouraje komite yo rankontre ansanm ni nan nivo distri a ni nan nivo lekòl la. Komite distri a enkli, men san li pa limite, komite plan ELL distri a, komite ki defini zòn limit lekòl yo ak komite kalandrye lekòl . Anplis, yo edike yo sou komite ki disponib nan lekòl la, tankou konsèy konsiltatif lekòl la, PTA ak PTO, ak anpil lòt opòtinite pou fè volontè.

Kòman LEA PLC te enplike nan devlopman plan ELL distri a?.

- LEA PLC founi enfòmasyon nan moman elaborasyon plan ELL epi egzamine plan final ELL distri a nan yon reyinyon PLC yo te pwograme. Gen tradiktè ki disponib pou ofri asistans nan langaj ak eklèsisman. Manm PLC yo kapab mande yon vèsyon elektwonik plan an si yo pa kapab prezan nan reyinyon an. Yo ankouraje paran yo fè kòmantè epi y ap itilize yo nan pwochen reyinyon yo, si nesesè. Apre manm PLC yo fin egzamine, prezidan siyen epi apwouve Plan ELL Distri a.

Eske LEA PLC apwouve plan ELL distri a? Wi □ **Non** □

Si se non, tanpri bay eksplikasyon pou sa ki pa apwouve plan PLC a.

## Seksyon 10: Fòmasyon Pèsonèl (Règ 6A-6.0907 ak 6A-1.0503. F.A.C.)

Dekri kòman anseyan kategori 1 ki responsab pou ansèyman lang anglè ak ansèyman entansif lekti elèv ELL yo mande pou jwenn andòsman/sètifikasyon ESOL resevwa avi sou egzijans opòtitinite pou fòmasyon. Enkli tit youn oswa kèk responsab pou bay nòt ak fason pwosesis la te dokimante.

- Chak ane yo avize pwofesè yo si yo pa satisfè règleman pou konfòmite ak ESOL pou pozisyon ansèyman aktyèl yo. Sistèm Jesyon Enfòmasyon Elèv Distri a (SIS ann anglè) kontwole orè elèv, sitiyasyon elèv, ak dosye pwofesè ESOL ki deziye a. Si yon pwofesè genyen yon ELL epi li pa genyen kouvèti ESOL ki apwopriye a, Depatman Sètifikasyon jenere yon imel ki siyale li pa konfòm. Yo avize pwofesè a nan imel sou sitiyasyon kote li pa nan branch yo, yo avize Direktè/tris ak Komite Dirijan Lekòl yo tou.

  Anplis, estaf Depatman Miltikiltirèl kontwole pwogrè pwofesè distri yo pou yo konplete kondisyon fòmasyon ki etabli nan "Consent Decree" a. Distri a ofri opòtinite "in-service" bay pwofesè ki bezwen travay pou konfòme yo ak kondisyon ESOL. Yo ofri "in-service" la regilyèman gratis pou patisipan yo. Depatman Devlopman Pwofesyonèl ak Depatman Miltikiltirèl kenbe dosye eleman "*in-service"* yo ak kou kolèj ki konplete, nan sistèm jesyon aprantisaj nan "in-service" Distri a.

  Anseyan yo resevwa yon kredi pou enfòmasyon ESOL ki kontinye nan lòt distri lekòl eta Florid lè otorite konpetan yo itilize fòmilè OTE 206 pou verifye enfòmasyon an.  Anseyan yo resevwa kredi pou fòmasyon nan ESOL nan Inivèsite oswa kolèj lè yo soumèt relvednòt kolèj ak Inivèsite yo pou dokimantasyon.  Se resous Imèn distri a ki anrejistre epi kenbe relvednòt yo nan achiv.

Dekri kòman pwofesè matematik, syans, etid sosyal, ak enfòmatik yo enfòme sou egzijans fòmasyon ESOL (60 èdtan) ak opòtinite.   Sa enkli

Tit responsab ki bay nòt ak fason yo dokimante pwosis la.

- Chak ane yo avize pwofesè yo si yo pa satisfè règleman pou konfòmite ak ESOL pou pozisyon ansèyman aktyèl yo. Sistèm Jesyon Enfòmasyon Elèv Distri a (SIS ann anglè) kontwole orè elèv, sitiyasyon elèv, ak dosye pwofesè ESOL ki deziye a. Si yon pwofesè genyen yon ELL epi li pa genyen *kouvèti* ESOL ki apwopriye a, Depatman Sètifikasyon jenere yon imel ki siyale li pa konfòm. Yo avize pwofesè a nan imel sou sitiyasyon kote li pa nan branch yo, yo avize Direktè/tris ak Komite Dirijan Lekòl yo tou.

  Anseyan yo resevwa yon kredi pou enfòmasyon ESOL ki kontinye nan lòt distri lekòl eta Florid lè otorite konpetan yo itilize fòmilè OTE 206 pou verifye enfòmasyon an. Anseyan yo resevwa kredi pou fòmasyon nan ESOL nan Inivèsite oswa kolèj lè yo soumèt relvednòt kolèj ak Inivèsite yo pou dokimantasyon. Se resous Imèn distri a ki anrejistre epi kenbe relvednòt yo nan achiv.

Dekri kòman tout lòt manm pèsonèl anplwaye anseyan yo enfòme sou egzijans fòmasyon ESOL (18 èdtan) ak opòtinite yo. Enkli tit youn oswa kèk responsab pou bay nòt ak fason pwosesis la te dokimante.

- Chak ane yo avize pwofesè yo si yo pa satisfè règleman pou konfòmite ak ESOL pou pozisyon ansèyman aktyèl yo. Sistèm Jesyon Enfòmasyon Elèv Distri a (SIS ann anglè) kontwole orè elèv, sitiyasyon elèv, ak dosye pwofesè ESOL ki deziye a. Si yon pwofesè genyen yon ELL epi li pa genyen *kouvèti* ESOL ki apwopriye a, Depatman Sètifikasyon jenere yon imel ki siyale li pa konfòm. Yo avize pwofesè a nan imel sou sitiyasyon kote li pa nan branch yo, yo avize Direktè/tris ak Komite Dirijan Lekòl yo tou.

  Anplis, estaf Depatman Miltikiltirèl kontwole pwogrè pwofesè distri yo pou yo konplete kondisyon fòmasyon ki etabli nan "Consent Decree" a. Distri a ofri opòtinite "in-service" bay pwofesè ki bezwen travay pou konfòme yo ak kondisyon ESOL. Yo ofri "in-service" la regilyèman gratis pou patisipan yo. Depatman Devlopman Pwofesyonèl ak Depatman Miltikiltirèl kenbe dosye eleman "in-service" yo ak kou kolèj ki konplete nan sistèm done Distri a.

  Anseyan yo resevwa yon kredi pou fòmasyon ESOL k ap kontinye lòt distri lekòl nan Florid lè se avèk yon fòmilè OTE 206 otorite konpetan yo verifye fòmasyon an. Anseyan yo resevwa kredi pou fòmasyon nan ESOL nan Inivèsite oswa kolèj lè yo soumèt relvednòt kolèj ak Inivèsite yo pou dokimantasyon. Se resous Imèn distri a ki anrejistre epi kenbe relvednòt yo nan achiv.

Dekri pwosedi yo itilize lè anseyan Kategori 1 p ap anseye matyè li kalifye pou li. Enkli pwosedi konfòmite lè yo mande 130 ETP pou kou fondamantal yo.

- Lè yo fèk anplwaye yo, yo konsidere pwofesè yo kòm pwofesè ESOL

kategori 1, yo bayo enfòmasyon konsènan direktiv pou yo vin kalifye, enkli egzijans fòmasyon ak dat limit.  Yo mande lekòl yo mennen ankèt sou moun ki pa kalifye pou anseye matyè y ap anseye a ("*Out-of  Field*") pou idantifye tout pwofesè kap anseye matyè yo pa kalifye pou li. Yo voye avi ann Anglè, Panyòl, Pòtigè ak Kreyòl Ayisyen, bay lekòl yo elektwonikman ak enstriksyon pou voye lakay elèv yo k ap resevwa enstriksyon nan men pwofesè k ap anseye matyè yo pa kalifye pou li nan vandredi avan semèn FTE (Sondaj 2 ak 3). Komite Dirijan Lekòl ETP apwouve pwofesè ki pa kalifye pou matyè y ap anseye yo avan FTE oktòb ak fevrye a

Yo konsidere Anseyan kategori 1 kòm anseyan k ap anseye matyè yo pa kalifye pou li jiskaske egzijans oswa sètifika ESOL yo satisfè. Yonfwa yo ba li yon ELL, pwofesè kategori 1 an dwe konplete 60 èdtan fòmasyon nan ESOL nan dezan, ak omwen 60 èdtan fòmasyon ESOL chak ane aprè yo jiskaskte andòsman ESOL la konplete, san konsidere si yo asiyen l ELL. Yo dwe ajoute andòsman ESOL la nan sètifika pwofesè genyen deja. Pwofesè k ap suiv direktiv sa yo sanse an règ, epi yo kapab reklame FTE 130 pondere.

Konplete fòmasyon ESOL obligatwa a nan dat yo fikse yo se yon kondisyon pou pèsonèl anseyan konsève travay yo.

Tout pwofesè dwe dokimante estrateji ESOL y ap itilize pou garanti ansèyman konpreyansib.

Dekri fason LEA  ofri obligasyon 60 èdtan fòmasyon ESOL pou administratè ki baze nan lekòl ak sistèm kontwol LEA yo pral aplike a.

- Distri a ofri yon eleman ESOL pou konseye yo pou yo satisfè egzijans fòmasyon an. Eleman sa a konsantre sou "Consent Decree" a, Plan ELL Distri a, modèl pedagojik , kritè pou evalye ansèyman konpreyansib nan klas, ak edikasyon miltikiltirèl. Yo ofri eleman ESOL la atravè "inservice".

  Depatman Devlopman Pwofesyonèl ak Depatman Miltikiltirèl kenbe dosye eleman "*in-service"* yo ak kou kolèj ki konplete, nan sistèm jesyon aprantisaj nan "in-service" Distri a.

Dekri fason **LEA** ofri 60 èdtan fòmasyon obligatwa yo pou Konseye Akademik, ak sistèm kontwol LEA a.

- Distri a ofri yon eleman ESOL pou konseye yo pou yo satisfè egzijans fòmasyon an. Eleman sa a konsantre sou "Consent Decree" a, Plan ELL Distri a, modèl pedagojik , kritè pou evalye ansèyman konpreyansib nan klas, ak edikasyon miltikiltirèl. Yo ofri eleman ESOL la atravè "inservice".

Depatman Devlopman Pwofesyonèl ak Depatman Miltikiltirèl kenbe dosye eleman "*in-service"* yo ak kou kolèj ki konplete, nan sistèm jesyon aprantisaj nan "in-service" Distri a.

Dekri devlopman pwofesyonè siplemantè LEA ofri pou garanti estaf anseyan an enfòme sou estanda Devlopman Langaj nan Anglè, ak pi bon pratik.

- LEA ofri opòtinite siplemantè pou devlopman pwofesyonèl ki konsantre sou domèn sa yo: rann ansèyman konpreyansib pou ELL yo, akizisyon dezyèm lang, ansèyman bileng, sipò nan lang natif natal, ak konsyans kiltirèl. Y ap ofri opòtinite sa yo bay pèsonèl anseyan ak pèsonèl sipò pandan tout ane a nan diferan atelye travay, nan lekòl ak pandan fòmasyon nan ete a, anmenmtan ak sou demann atravè pòtay anplwaye a. Nan chak opòtinite pou fòmasyon sa yo ap genyen aktivite pou fè suivi pou garanti transfè teknik ak konesans nan salklas la. Opòtinite pou fòmasyon sa yo ale pi wo ak pi lwen pase fòmasyon yo egzije pou ESOL la.

Si yo ofri ansèyman nan yon lang ki pa anglè, dekri pwosedi yo itilize pou evalye konpetans pwofesè yo nan lòt lang lan ak nan anglè.

Pwofesè ki ofri ansèyman nan yon lang ki pa anglè dwe genyen sètifikasyon apwopriye a (yo) jan Distri a ak Leta a mande sa pou popilasyon ak matyè y ap anseye a. Anplis, pwofesè k ap anseye nan dezyèm lang nan dwe demonte konpetans oral ak alekri nan lang l ap anseye a. Pou satisfè egzijans sa a, pwofesè yo dwe pase Evalyasyon Konpetans nan Lang manm estaf bileng Distri a bay.

Dwe genyen yon parapwofesyonèl oswa pwofesè bileng nan lekòl ki genyen 15 oswa plis Ell ki pale menm lang lan. Espesifye kalifikasyon elijiblite LEA egzije pou parapwofesyonèl bileng yo. Eksplike deskripsyon travay parapwofesyonèl bileng la ak djòb prensipal li.

- Parapwofesyonèl bileng (yo konnen kòm Fasilitatè Lang Kominote nan Rejyon Palm Beach) asiste pwofesè nan klas ansèyman jeneral yo ak pwofesè òdinè ESOL yo nan bay Ell yo ansèyman ki konpreyansib. Yo pa fèt pou travay avèk elèv ki pa Ell. Kalifikasyon ak responsablite yo enkli:

**KALIFIKASYON:**

1. Diplòm fendetid segondè oswa ekivalans AK nòt pasaj Tès Evalyasyon ParaPro a; OSWA swasant (60) oswa plis kredi kolèj.
2. Demontre konpetans oral ak alekri nan lang anglè ak lang popilasyon y ap sèvi a.
3. Eksperyans travay avèk ajans kominotè ak

òganizasyon nan kominote yo vize a.

4. Te demontre kapasite pou entèaji pozitivman avèk gwoup miltikiltirè elèv ak paran.
5. Kapasite pou òganize epi planifye efektivman.
6. Kapasite pou kenbe yon orè travay fleksib.

RESPONSABLITE NAN PÈFÒMANS

Fonksyon Esansyèl:

1. Ede Aprenan Lang Anglè nan ansèyman endividyalize ak angwoup anba sipèvizyon dirèk pwofesè ki anchaj la.
2. Ede pwofesè ak administratè nan reyalize objektif ak egzijans ESOL yo.
3. Tradui dokiman nan lang natif natal popilasyon yo vize a.
4. Sèvi kòm entèprèt nan kominikasyon nan lekòl la ak paran, elèv, ak manm kominote yo.
5. Sèvi kòm defansè elèv ak paran popilasyon yo vize a.

6. Patisipe nan devlope estrateji pou ogmante ranndman elèv popilasyon yo vize a.
7. Vizite kay paran nan kominote a.
8. Kenbe yon dosye sèvis rekòmandasyon pou popilasyon yo vize a.
9. Patisipe nan aktivite devlopman estaf ESOL.

Dekri pwosedi LEA pou fòmasyon  bileng nan ESOL oswa estrateji lang natif natal. Enkli fason yo kenbe dokiman fòmasyon.

- Depatman Edikasyon Miltikiltirèl Nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ofri opòtinite fòmasyon pou Fasilitatè Lang Kominotè (CLFs), Fòmasyon a kapab konsantre sou devlopman estrateji sipò nan ESOL pou ansèyman matyè debaz, pwoblèm konfòmite ak ESOL, pwoblèm legal ki genyen rapò avèk ELL yo ak fanmi yo, devlopman konpetans nan tradiksyon/entèpretasyon, ak defans fanmi. Fòmasyon pou parapwofesyonèl yo enkli izaj estrateji langaj pou ede ELL yo nan matyè yo (Matematik, Syans, Syans Sosyal, ak Enfòmatik), ak elektiv yo. Yo kenbe dokiman fòmasyon yo atravè fèy prezans ak ajanda.

Dekri pwosedi pou detèmine konpetans travay parapwofesyonèl bileng la nan anglè ak premye lang elèv y ap sèvi yo.

- Yo evalye konpetans yon travay parapwofesyonèl bileng atravè yon tès alekri ak oral estaf bileng Distri a bay. Tès la oryante sou travay parapwofesyonèl la epi li mande pou tradui, anmenmtan ak entèprete, ni nan lang popilasyon yo vize a ni nan anglè.

Tanpri, prezante yon lèt asirans sipèentandan distri a bay ki deklare distri a anrèg avèk tout egzijans fòmasyon ESOL yo.

## Seksyon 11: Ekstansyon Sèvis {Règleman GA-6.09022, F.A.C.)

Dekri pwosedi yo itilize pou detèmine ekstansyon sèvis, enkli kwonoloji apwopriye ki baze sou DEUSS. Eksplike wòl Komite ELL la ak ki dokiman sipò yo itilize nan detèmine si yo dwe kontinye sèvis ESOL.

- Elèv yo elijib pou resevwa ekstansyon nan sèvis pwogram ESOL la aprè twazyèm ane yo, epi chak ane aprè, jiskaske yo klase yo kòm moun ki konpetan nan anglè. ELL ki te nan ESOL pandan twazan oswa plis baze sou dat DEUSS, bezwen yo reevalye yo anyèlman pou detèmine si yo toujou bezwen sèvis nan Pwogram ESOL. Yo ta dwe administre tès reevalyasyon an pa avan trant (30) jou lekòl avan dat anivèsè DEUSS elèv la, epi li dwe kouvri toulekat domèn yo, tande,  pale, li, ak ekri. Si dat anivèsè elèv la tonbe ant lè yo pibliye rezilta evalysyon  konpetans li nan lang anglè nan tout eta a pou yon ane lekòl ak premye oktòb ane lekòl k ap vini an, nòt Evalysyon Konpetans nan Anglè nan tout eta a, ak nòt evalyasyon estanda tout eta a

dwe sifizan, epi yo pa egzije yon evalyasyon ki pi resan.

Premye reyinyon sou reevalyasyon an dwe fèt nan dat oswa pa pita pase 30 jou avan 3yèm anivèsè dat DEUSS la, amwenske dat anivèsè elèv la tonbe nan premye 2 semèn nenpòt ane lekòl. Ansuit, Komite **ELL** la dwe reyini pa pita pase premye oktòb. Yo fè re-evalyasyon chak ane aprèsa. Bezwen pou ekstansyon sèvis sa a baze sou yon revizyon kritè sa yo:

- Evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè
- Rekòmandasyon Pwofesè/Komite ELL
- Lòt done akademik ak langaj oral ki enpòtan

Pwosedi yo suiv lè y ap detèmine ekstansyon sèvis se:

a) Komite ELL revize kanè, pòtfolyo elèv, reyalizasyon Estanda Florid, pèfòmans nan evalyasyon Distri/Eta yo, opinyon paran/pwofesè, kantite ane elèv la te enskri nan Pwogram ESOL la, ak konpetans nan akizisyon lang.
b) Komite ELL kapab detèmine elèv la ap kontinye nan pwogram regilye a.
c) Komite ELL kapab detèmine pou yo refere elèv la pou plis evalyasyon.
d) Komite ELL kapab detèmine elèv la bezwen ekstansyon sèvis.
e) Kontak/Kowòdonatè ESOL ki baze nan lekòl la oswa reprezantan li responsab pou antre detèminasyon an nan Sistèm Enfòmasyon Elèv la.

## Evalyasyon Nivo Konpetans nan Tande ak Pale

Fè lis evalyasyon Langaj ak Konpreyansyon yo itilize nan LEA pou detèmine si yon elèv konpetan nan anglè pou ekstansyon sèvis.

- *ACCESS for Ells*
- *LAS Links*
- *WIDA Screener*

## Evalyasyon Konpetans nan Lekti ak Redaksyon

Fè lis evalyasyon an (yo) Lekti ak Redaksyon yo itilize nan LEA pou detèmine si yon elèv konpetan nan anglè pou ekstansyon sèvis.

- *ACCESS for Ells*
- *LAS Links*
- *WIDA Screener*
- *FSA ELA*
- *SAT* (Klas 10-12 sèlman}
- *ACT* (Klas 10-12 sèlman}